

Ankadreman Timoun Debitan pou Bon Kalite Edikasyon (Early Childhood Framework for Quality, EFQ)



Kisa EFQ an ye?

Misyon Divizyon Edikasyon Timoun Debitan (Division of Early Childhood Education, DECE) se pou kreye yon sistèm edikasyon ki bay timoun debitan yo pi bon swen konsa chak timoun Nouyòk ka genyen chans pou viv jiskaske yo rive jwenn tout potansyalite yo.. Pou sipòte misyon sa a, DECE devlope Ankadreman Timoun Debitan pou Bon Kalite Edikasyon (EFQ) ki dekri yon vizyon pataje pou pwogram timoun debitan bon kalite nan Vil Nouyòk.

Pwogram yo itilize EFQ pou gide pratik yo nan yon fason pou avanse rezilta pozitif yo pou tout timoun ak tout fanmi yo. Estaf DECE itilize EFQ tankou fondasyon pou sipò kalite yo bay pwogram yo ki gengen ladan sipò sou teren ak aprantisaj pwofesyonèl. Resous sa a asire ke tout pwogram Timoun Debitan DOE yo, kèlkeswa kote yo fè yo, fèt dapre prensip ak estanda ki egziste menm responsablite pou atenn kalite.


Nan kòmansman ane lekòl 2019-2020 an, sistèm timoun debitan DOE a pral genyen ladan pwogram k ap sèvi timoun depi laj 6 semèn pou rive nan laj 5 kan. Pou pran an konsiderasyon tout laj ak tip pwogram yo, Ankadreman sa a pral ranplase sa ki egziste a Estanda Kalite Pwogram (Program Quality Standards, PQS) nan otòm 2019. EFQ an lye anpil avèk pwogram sa yo:

- Andremman pou Gran Lekòl ki se vizyon DOE pou amelyorasyon lekòl nan tout klas depi pre-K jiska Klas 12^{yèm} ane;
- Angajman DOE pou Ekite ak Ekselans pou Tout moun;
- Estanda Pèfòmans Pwogram Head Start (Head Start Program Performance Standards ,HSPPS), ki se kondisyon pou tout pwogram pou debitan yo ak lòt pwogram federal yo fonde yo;
- Prensipal rechèch nasyonal sou Kalite timoun debitan; ak
- Ekspètiz ak eksperyans estaf DECE, pwogram ak patnè kominote an.

Kòman EFQ an òganize?

EFQ an genyen 6 **Eleman**, ki se prensip ki baze sou rechèch ak nivo wo pou kalite timoun debitan ki gen rapò avèk Eleman Ankadreman pou Gran Lekòl yo (Framework for Great Schools, FFGS). Chak Eleman idantifye anpil **Pratik**, oswa aksyon ke lidèchip pwogram ak ekip k ap anseye yo pou demontre prensip sa yo . Eleman ak Pratik sa yo aplikab pou tout anviwonman ak gwoup timoun debitan.

Yo pa ni site Pratik pou chak Eleman nan lòd enpòtans ni yo pa gen entansyon endike ke yo ta dwe priyoreze yon Pratik pou yon lòt. Yo tout konekte antre yo pito, lè yo konbine, yo ede nou konprann pi byen aksyon yo, konpòtman ak kapasite ki anglobe nan tout Eleman yo. kòm endike nan vizyèl la, anpil Pratik ki site nan ekip lidèchip pwogram yo genyen Pratik paralèl nan ekip anseyman pwogram yo.



Divizyon Edikasyon timoun Debitan kwè ke 0-5 gwo pwogram kalite wo yo se...

1. respè ak valorize diferans. Ekip lidèchip pwogram lan ak ekip ansèyman mete konfyans nan kreye yon kominote kote tout timoun fanmi ak estaf santi yo byenveni nan anbrase divèsite sou anpil fòm- ki genyen ladan men pa limite pou sa sèlman: ras, etni, estati sosyoekonomik, lang natifnatal, peyi orijin, estati imigrasyon, kapasite, bezwen espesyal, relijyon, sèks, idantifikasyon seksyèl, oryantasyon seksyèl, sityasyon lojman, ak eksperyans ak enfòmasyon sou orijin kiltirèl. {konfyans}

2. kreye anviwonman pozitif ak sennesòf. Ekip lidèchip pwogram yo ak ekip ansèyman yo kreye yon anviwonman sennesòf, agreyab pou tout timoun, fanmi ak estaf. {anviwonman favorab}

3. fè pwogrese aprantisaj ki baze sou jwèt ak ansèyman reyaktif. Ekip lidèchip pwogram yo ak ekip ansèyman yo angaje timoun nan yon varyete eksperyans aprantisaj apwopriye ki baze sou jwèt, ak asire enstriksyon ki baze sou fòs endividyèl timoun yo, enterè ak bezwen. {enstriksyon ki solid}

4. fè pwomosyon pou wòl fanmi kòm premye moun k ap bay swen, pwofesè, ak defansè. Ekip lidèchip pwogram ak ekip ansèyman yo bati relasyon avèk fanmi ak kominote pou bay bon jan opòtinite ak resous pou sipòte devlopman timoun ak byennèt fanmi an antye.

{yen solid ant fanmi ak kominote}

5. travay an kolaborasyon pou amelyorasyon kalite kontini . Ekip lidèchip pwogram yo ak ekip ansèyman itilize done pou amelyore pwogram ak kalite salklas nan patenarya avèk fanmi ak kominote yo.

{kolaborasyon ant pwofesè}

6. demontre lidèchip estratejik . Ekip lidèchip pwogram ak ekip ansèyman yo konstui ak itilize kilti òganizasyon, estrikti, ak resous pou fè pwomosyon ak egzekite yon vizyon pataje pou kalite. {lidèchip lekòl ki efikaz}



1. Pwogram bon jan kalite respekte ak valorize diferans.

Ekip lidèchip pwogram lan ak ekip ansèyman mete konfyans nan kreye yon kominote kote tout timoun, fanmi ak estaf santi yo byenveni nan anbrase divèsite sou anpil fòm – ki genyen ladan men pa limite pou sa sèlman: ras, etni, estati sosyoekonomik, lang natifnatal, peyi orijin, estati imigrasyon, kapasite, bezwen espesyal, relijyon, sèks, idantifikasyon seksyèl, oryantasyon seksyèl, sitiyasyon lojman, ak eksperyans ak enfòmasyon sou orijin kiltirèl. {konfyans}

Ekip Lidèchip Pwogram...

Egzanp: Direktè, direktè edikasyon, direktè pwogram, direktè egzekitif, komite direktè, pwopriyete, direktè, asistan direktè, antrenè enstriksyon, pwofesyonèl sante mantal, kowòdonatè paran, kowòdonatè sèvis fanmi)

- 1.1 favorize yon klima konfyans, apatenans, ak kolaborasyon kote tout timoun, fanmi ak estaf santi yo byenveni ak manm nan pwogram la.
- 1.2 bay trening ak resous pou sipòte enstriksyon suivan sitiyasyon ak kilti ak angajman fanmi, ak ekipe salklas yo avèk materyèl aprantisaj an divès lang ak kilti.
- 1.3 bati ak sipòte estaf nan reflechi sou adrese enpak racis estriktirèl ak prejije ki pa deklare nan pwogram ak kominote an.
- 1.4 rekrute timoun, fanmi, ak estaf ki reflekte idantite ak eksperyans kominote y ap sèvi yo.
- 1.5 bay resous pwogram pou fè pwomosyon pou opòtinite ekite ak anbrase tout ras ak rezilta pou tout timoun ak fanmi yo.
- 1.6 travay avèk NYCDOE, lòt ajans, ak patnè kominote yo pou asire ke tout timoun ak tout fanmi genyen aksès nan sèvis, resous, ak sipò yo bezwen.

Ekip k ap anseye pwogram yo...

(Egzanp: Pwofesè gid, pwofesè edikasyon espesyal, pwofesè ki deplase al jwenn elèv, asistan sosyal/edikatè/defansè/co-pwofesè, asistan pwofesè ak parapwofesyonèl)

- 1.7 favorize yon klima konfyans, apatenans, ak kolaborasyon kote tout timoun, fanmi ak lòt estaf santi yo byenveni ak vini manm salklas la.
- 1.8 adopte yon enstriksyon ki baze sou kilti ak pratike angajman fanmi, epi ankouraje timoun pou aprann nan materyèl aprantisaj an divès lang ak kilti.
- 1.9 reflechi kontinyèlman ak chèche pou konprann enpak rasis ak prejije deklare nan salklas la.
- 1.10 differansye estrateji ak aktivite pou satisfè bezwen endividyèl tout timoun ki nan salklas la, ak bay opòtinite pou tout timoun demontre aprantisaj nan plizyè fasonl.
- 1.11 kolabore avèk ekip lidèchip pwogram pou konekte tout timoun ak fanmi ak sèvis ak resous, epi sipòte bezwen yo.



2. Bon jan kalite pwogram kreye anviwonman pozitif sennesòf.

Ekip lidèchip pwogram yo ak ekip ansèyman yo kreye yon anviwonman sennesòf, agreyab pou tout timoun, fanmi ak estaf. {anviwonman favorab}

Ekip Lidèchip Pwogram...

(Egzanp: Direktè, direktè edikasyon, direktè pwogram, direktè egzekitif, komite direktè, pwopriyete, direktè, asistan direktè, antrenè enstriksyon, pwofesyonèl sante mantal, kowòdonatè paran, kowòdonatè sèvis fanmi)

- 2.1 tabli, bati, ak ranfòse atant pou entèaksyon nan respè ak relasyon ki baze sou konfyans ant timoun, fanmi, ak estaf.
- 2.2 bay estaf la trening apwopriye, resous, ak sipò kontini pou devlope aprantisaj sosyo-emosyonèl timoun yo ak fè pwomosyon pou bon konpòtman.
- 2.3 kowòdone pwogram pou satisfè efektivman bezwen timoun, fanmi, ak estaf.
- 2.4 asire ke espas pwogram yo gen sekirite ak ak agreyab epi satisfè bezwen timoun, fanmi, ak estaf.
- 2.5 ekipe espas pwogram yo avèk kantite apwopriye bon jan materyèl.
- 2.6 asire siksè kontwòle ak administrasyon sante timoun yo, sekirite, ak kondisyon edikasyon espesyal yo nan patenarya avèk fanmi yo.

Ekip idèchip pwogram...

(Egzanp: Pwofesè gid, pwofesè edikasyon espesyal, pwofesè ki deplase al jwenn elèv yo, asistan sosyal/edikatè/defansè/co-pwofesè, asistan pwofesè ak parapwofesyonèl)

- 2.7 ekzèse ak bati relasyon konfyans ant timoun, fanmi, ak tout manm estaf la.
- 2.8 bati yon fondasyon pou aprantisaj sosyo-emosyonèl ak itilize estrateji apwopriye pou devlopman ak pwomosyon bon konpòtman.
- 2.9 enpleman yon pwogram fleksib ak konsistan ki satisfè bezwen timoun yo.
- 2.10 itilize entansyonèlman chak moman nan jounen an pou sipòte abitud sennesòf.
- 2.11 aranje anviwonman salklas la yon fason pou timoun yo gen opòtinite pou avèk lòt ak angaje nan aktivite endepandant.
- 2.12 fè patenarya avèk fanmi ak lòt estaf pou sipòte kontwòl ak administrasyon sante timoun yo, sekirite ak kondisyon edikasyon espesyal.





3. Bon jan kalite pwogram fè pwogrese aprantisaj ki baze sou jwèt ak enstriksyon rekreyatif

Ekip lidèchip pwogram yo ak ekip ansèyman yo angaje timoun nan yon varyete eksperyans aprantisaj apwopriye ki baze sou jwèt, ak asire enstriksyon ki baze sou fòs endividyèl timoun yo, enterè ak bezwen. {enstriksyon ki solid}



Ekip Lidèchip Pwogram...

(Egzanp: Direktè, direktè edikasyon, direktè pwogram, direktè egzekitif, komite direktè, pwopriyete, direktè, asistan direktè, antrenè enstriksyon, pwofesyonèl sante mantal, kowòdonatè paran, kowòdonatè sèvis fanmi)

- 3.1 etabli, imite, ak ranfòse yon apwòch ki baze sou jwèt pou aprantisaj ak ankèt.
- 3.2 bay ekip anseyan yo trening apwopriye, resous, ak sipò kontini pou enpleman rechèch aj apwopriye ki baze sou kourikoulòm.
- 3.3 asire ke ekip anseyan genyen teknik apwopriye, materyèl, ak tan pou enpleman evalyasyon valid ak fyab ak zouti evalyasyon pou enfòmè enstriksyon.
- 3.4 sipòte ekip anseyan nan yon sik kontini koleksyon ak analize done, ki genyen ladan evalyasyon done, pou enfòmè pratik
- 3.5 asire ke ekip anseyan gen opòtinite konsistan ak entansyonèl pou reflechi ak planifye nan kolaborasyon anndan salklas yo.

Ekip idèchip pwogram...

(Egzanp: Pwofesè gid, pwofesè edikasyon espesyal, pwofesè ki deplase al jwenn elèv yo, asistan sosyal/edikatè/defansè/co-pwofesè, asistan pwofesè ak parapwofesyonèl)

- 3.6 facilite aprantisaj ak rechèch ki baze sou jwèt.
- 3.7 itilize yon kourikoulòm ki baze sou rechèch ak laj apwopriye pou sipòte aprantisaj timoun nan tout domèn devlopman.
- 3.8 agrandi kapasite panse ak kominikasyon timoun atravè entèaksyon entansyon.
- 3.9 enpleman yon sik kontini pou koleksyon, analiz ak itilizasyon done:
 - kolekte done konsènan konesans timoun, kapasite, ak enterè nan obsèvasyon ak entèaksyon avèk timoun ak fanmi
 - analize done pou konprann kòman timoun devlope ak aprann nan kontinuite, nan itilize yon sistèm evalyasyon otantik ki baze sou rechèch
 - itilize done pou enfòmè pratik ki sipòte kwasans timoun nan yon tan kontini
- 3.10 kolabore regilyèman avèk lòt estaf nan salklas yo pou reflechi ak planifye enstriksyon.





4. Bon jan kalite pwogram fè pwomosyon pou wòl fanmi kòm premye moun k ap bay swen, pwofesè, ak defansè.

Ekip lidèchip pwogram ak ekip ansèyman yo bati relasyon avèk fanmi ak kominote pou bay bon jan opòtinite ak resous pou sipòte devlopman timoun ak byennèt fanmi an antye. [{lyen solid ant fanmi ak kominote}](#)



Ekip Lidèchip Pwogram...

(Egzanp: Direktè, direktè edikasyon, direktè pwogram, direktè egzekitif, komite direktè, pwopryetè, direktè, asistan direktè, antrenè enstriksyon, pwofesyonèl sante mantal, kowòdonatè paran, kowòdonatè sèvis fanmi)

- 4.1 bay tout manm estaf la bon jan trening ki adapte ak kilti, resous ak sipò kontini ki gen rapò avèk angajman fanmi.
- 4.2 egzèse ak sipòte kominikasyon ale retou kontini, kominikasyon ale retou avèk fanmi konsènan fòs, bezwen, enterè ak objektif fanmi ak pitit yo, ansanm avèk pwogrè fanmi ak pitit yo nan akonpli objektif yo.
- 4.3 devlope relasyon avèk manm kominote yo ak òganizasyon ki sipòte enterè fanmi yo, bezwen yo, ak objektif yo.
- 4.4 bay fanmi opòtinite pou konekte avèk lòt fanmi nan pwogram ak kominote pou yo ka aprann ak sipòte youn lòt.
- 4.5 kreye yon anviwonman ki ankouraje fanmi yo tankou patnè yo lidè ak defansè nan salklas la, pwogram ak kominote an.
- 4.6 sipòte ak kowòdone sèvis pou timoun ak fanmi ak fanmi k ap tranzisyon pou swen diferan ak lokal edikasyon yo.

Ekip idèchip pwogram...

(Egzanp: Pwofesè gid, pwofesè edikasyon espesyal, pwofesè ki deplase al jwenn elèv yo, asistan sosyal/edikatè/defansè/co-pwofesè, asistan pwofesè ak parapwofesyonèl)

- 4.7 angaje nan kominikasyon ale retou avèk fanmi konsènan fòs, bezwen, enterè ak objektif fanmi yo ak pitit yo, ansanm avèk fanmi ak pwogrè timoun pou acheve objektif yo.
- 4.8 envite fanmi yo pou obsève nan salklas timoun yo patisipe nan aprantisaj timoun yo chak jou.
- 4.9 bay opòtinite pou fanmi pou konstui kapasite pou sipòte aprantisaj ak devlopman timoun yo.
- 4.10 konekte fanmi yo pou resous apwopriye nan sipòte bezwen yo ak objektif yo ak pitit yo.
- 4.11 bay opòtinite pou fanmi ka sèvi tankou patnè, lidè ak defann nan salklas ak pwogram.
- 4.12 bay fanmi enfòmasyon ak koneksyon pou sipòte tranzisyon pou diferan lokal edikasyon





5. Bon jan kalite pwogram travay an kolaborasyon pou amelyorasyon kalite kontini.

Program Ekip lidèchip pwogram yo ak ekip ansèyman itilize done pou amelyore pwogram ak kalite salklas nan patenarya avèk fanmi ak kominote yo. {kolaborasyon ant pwofesè}



Ekip Lidèchip Pwogram...

(Egzanp: Direktè, direktè edikasyon, direktè pwogram, direktè egzekitif, komite direktè, pwopriyete, direktè, asistan direktè, antrenè enstriksyon, pwofesyonèl sante mantal, kowòdonatè paran, kowòdonatè sèvis fanmi)

- 5.1 mande aktivman kòmantè estaf ak fanmi sou valè pwogram ak domèn kwasans.
- 5.2 imite pratik refleksyon, fikse objektif pwofesyonèl, epi angaje nan eksperyans aprantisaj avèk lòt lidè.
- 5.3 bay estaf la regilyèman komantè pou fòmasyon, ki baze sou prèv ak fòs endividyèl ak domèn kwasans, avèk pwochen etap aksyon yo.
- 5.4 idantifye oswa bay diferan opòtinite pou aprantisaj pwofesyonèl estaf la ki aliye objektif yo ak objektif pwogram la sou estaf endividyèl.
- 5.5 kolabore avèk NYCDOE, lòtr ajans, ak patnè kominote an pou amelyore kalite pwogram la.
- 5.6 angaje nan yon sik kontini pou koleksyon, analiz, ak itilizasyon done konsènan kalite pwogram la, an kolaborasyon avèk estaf, fanmi yo, ak kominote yo:
 - kolekte done nan plizyè sous ak plizyè nivo (timoun, pwofesè, salklas, fanmi, kominote, pwogram)
 - analiz done idantifye fòs pwogram la ak domèn kwasans yo
 - itilize done pou planifye objektif pwogram yo ak enfòmè amelyorasyon kalite kontini

Ekip k ap anseye pwogram yo...

(Egzanp: Pwofesè gid, pwofesè edikasyon espesyal, pwofesè ki deplase al jwenn elèv yo, asistan sosyal/edikatè/defansè/co-pwofesè, asistan pwofesè ak parapwofesyonèl)

- 5.7 mande fanmi yo kòmantè sou pwen fò salklas la ak domèn ki bezwen plis kwasans.
- 5.8 reflechi regilyèman sou pwòp fòs endividyèl ak domèn kwasans pou fikse objektif pwofesyonèl yo ak amelyore pratik nan salklas.
- 5.9 idantifye ak angaje nan eksperyans aprantisaj pwofesyonèl ki aliye avèk pwòp objektif yo ak objektif pwogram la, epi chèche opòtinite pou aprann nan men lòt pwofesyonèl timoun debitan yo.
- 5.10 bay kòmantè pou ekip lidèchip pwogram la sou pwen fò, defi ak opòtinite pou amelyorasyon kalite.
- 5.11 angaje aktivman avèk estaf sipò NYCDOE, lòt ajans, ak patnè kominote an pou amelyore kalite salklas la.
- 5.12 kolabore avèk ekip lidèchip pwogram la, lòt estaf, fanmi yo, ak kominote pou fikse objektif ak enfòmè amelyorasyon kalite kontini.

6. Bon jan kalite pwogram yo demontre lidèchip estratejik



Ekip lidèchip pwogram ak ekip ansèyman yo konstui ak itilize kilti òganizasyon, estrikti, ak resous pou fè pwomosyon ak egzekite yon vizyon pataje pou kalite. {lidèchip lekòl ki efikaz}

Ekip Lidèchip Pwogram...

(Egzanp: Direktè, direktè edikasyon, direktè pwogram, direktè egzekitif, komite direktè, pwopriyete, direktè, asistan direktè, antrenè enstriksyon, pwofesyonèl sante mantal, kowòdonatè paran, kowòdonatè sèvis fanmi)

- 6.1 kreye ak kominike yon vizyon konvenkan pou yon kalite pwogram pou anpil tan nan patenarya avèk estaf, fanmi yo ak kominote yo.
- 6.2 rekrute, anplwaye, ak kenbe estaf kalifye, epi bay bon manm estaf yo opòtinite lidèchip.
- 6.3 konstui ak kenbe yon kilti nan òganizasyon an ki motive estaf la, fanmi yo ak kominote yo pou yon vizyon pwogram pataje.
- 6.4 etabli ak kominike responsablite ak wòl klè nan pwogram la, ak adopte yon responsablite pou yon pwosesis konsistan ak ekitab
- 6.5 devlope ak enplemanje sistèm ki fasilite operasyon pwogram efisyen ak dirab.
- 6.6 itilize pratik administratif ak finansye ak bidjè responsab pou aliye strategikman resous pou vizyon pwogram la.

Ekip k ap anseye pwogram yo...

(Egzanp: Pwofesè gid, pwofesè edikasyon espesyal, pwofesè ki deplase al jwenn elèv yo, asistan sosyal/edikatè/defansè/co-pwofesè, asistan pwofesè ak parapwofesyonèl)

- 6.7 kolabore avèk ekip lidèchip pwogram la, fanmi yo, ak kominote yo pou kreye ak kominike yon vizyon pwogram pataje.
- 6.8 kontribye pou yon kilti nan òganizasyon an ki sipòte yon vizyon pwogram pataje.
- 6.9 bati yon koninote salklas ki reflekte ak kondui vizyon pwogram pataje sa a.
- 6.10 adopte, rafine, ak enplemanje sistèm ki sipòte tout aspè kalite salklas la.
- 6.11 idantifye proaktivman ak kominike bay estaf la materyèl yo bezwen, ak itilize resous efektivman pou amelyore kominote salklas la.

